

Konferans pou laprès
Fowòm sitwayen
9 daou 2005

Konferans pou laprès sa a genyen 2 objektif prensipal:

1. Restitasyon Fowòm nasyonal la ki te fèt nan dat 1 avril sou ankèt yo (Anket yo pa janm abouti).
2. Anonse sit - wèb Fowòm nan.

Dabò, ann sonje ki sa Fowòm sitwayen an ye ak ki sa l gen tan reyalize.

Fowòm sitwayen an se yon inisyativ sitwayen 3 òganizasyon te pran (HSI, CEDH, epi Jistis ak Lapè) ak konkou PNUD, pou pèmèt sitwayen ayisyen yo patisipe yon fason aktif nan refòm jistis la. Tout jefò pou fè refòm sistèm jidisyè yo te panse depi anwo pa reyisi. Nou di: fòk genyen yon mouvman sitwayen byen laj pou fè pwopozisyon epi pou blije otorite yo antre nan refòm sila a. Se sitwayen yo menm ki plis bezwen pou refòm sistèm jidisyè a fèt, paske se yo menm ki bezwen jistis.

Nou òganize divès konsiltasyon gras ak atelye sektoryèl ak milti sektoryèl atravè tout peyi a. Nou gen tan òganize 6 Fowòm nasyonal. Men sou ki sa Fowòm sa yo te travay:

- Poukisa sosyete sivil la dwe antre nan refòm lajistis?
- Diyite moun kòm oryantasyon fondamantal pou fè refòm lajistis ak dyagnòstik lajistis nou genyen an.
- Yon jistis demokratik: refòm lajistis kòm pati entegran refòm Leta a.
- Pwoblèm kle yo pou antre nan refòm lajistis la.
- Premye pwoblèm nan: lajistis pa granmoun tèt li, li anba Egzekitif la.

Jodi a nou vle prezante rezilta pwopozisyon parapò ak dezyèm pwoblèm kle a: ankèt yo pa janm abouti.

Restitasyon Fowòm nan ki te fèt nan dat 1 avril 2005.

Jan n sòt di a, depi plis pase youn ane, Fowòm nan antre nan aktivite prepare pwopozisyon. Nou deja fè yon Fowòm nasyonal sou kesyon endepandans sistèm jidisyè a. Yon seri pwopozisyon te fèt sou fason pou reyalize endepandans sila a.

Tèm nan n ap gade jodi a, se zafè ankèt yo, paske: ankèt yo, prèske pa janm abouti.

Atravè pwosesis Fowòm nan, men ki pwopozisyon nou kwè nou kapab fè:

1. Genyen kondisyon enstitisyonèl ki lakòz ankèt yo kapab abouti. Sa vle di: dwe genyen yon seri koreksyon ki fèt nan fason yo defini wòl chak moun ki fè ankèt jidisyè yo. Otorite ki chaje ak ankèt jidisyè a rele: polis jidisyè a. Li genyen ladan l: komisè gouvènman, jij enstriksyon, jij depè, ak polisye ki chaje pou mennen ankèt. Men kèk chanjman nou deja wè:
 - a. Jij depè a ta dwe yon jij toutbon, li pa ta dwe nan mennen ankèt la, paske - apa jij - li deja genyen anpil lòt wòl pou l ranpli. Nan nivo lokal, ta dwe genyen polisye ki fòme nan zafè ankèt.
 - b. Jij enstriksyon an pa ta dwe genyen pouvwa kenbe moun nan detansyon. Se yon lòt jij ki pa nan ankèt la, ki pou wè si gen kont rezon valab pou kenbe moun yo sispèk la nan detansyon.

2. Nan menm kondisyon enstitisyonèl sa yo, Fowòm nan kwè fòk yo ta òganize relasyon ant otorite ki mennen ankèt yo yon lòt jan.
 - a. Tout otorite yo ki mennen ankèt ta dwe sou zòd pakè a.
 - b. Pou evite konfizyon, non « komisè gouvènman » an ta dwe chanje (paske nan fonksyon l genyen an li plis reprezante sosyete a pase gouvènman an).
 - c. Epitou, yo dwe etidye fason pou yo fè nonminasyon l, yo dwe garanti establiite nan egzèsis fonksyon li. Sou pwèn fason pou nominasyon an fèt, patisipan yo nan Fowòm nan pa t rive anntan yo.
 - d. Epitou, yo dwe pwoteje komisè gouvènman yo kont movè presyon nan travay yo ak kont revokasyon abitè.

3. Toujou, genyen kondisyon syantifik, teknik ak materyèl pou ankèt yo kapab byen fèt. Se pa sèlman lè akize a admèt se li k te komèt zak la ki ta dwe sèvi kòm prèv. Genyen prèv syantifik, genyen otòpsi, genyen tout kaliti prèv materyèl yo kapab egzaminen. Sèlman fòk mwayen sa yo aladispozisyon anketè yo, epi fòk yo jwenn fòmasyon pou yo kapab sèvi ak yo.

4. Yon lòt chapit nan pwopozisyon yo konsènen kontwòl sou fason yo mennen ankèt la. Kontwòl la kab fèt si wòl yo byen defini. Dwe genyen divès fòm kontwòl:
 - a. Genyen kontwòl administratif sou polis jidisyè a. Sa se komisè gouvènman an ki dwe fè l.
 - b. Genyen kontwòl anndan sistèm nan menm. Sa fèt lè yon sèl otorite pa genyen tout pouvwa nan men l. Sa se kontwòl yon lòt jij ki pa t nan ankèt la.
 - c. Epitou, genyen kontwòl sitwayen yo : ni viktim nan, ni moun yo sispèk oswa sa yo akize a dwe genyen aksè ak fason ankèt la mennen epi avanse. Egzanp : sou fason yo mete yon moun nan detansyon.

5. Fowòm nan tou plede pou yon pi gwo patisipasyon divès aktè yo nan ankèt la. Lè n pale sou aktè, nou vle di nan yon ankèt se pa sèl otorite a ki aktè. Nou pale tou sou :
 - a. Moun yo akize, oswa sa yo sispèk la : genyen kesyon respè pou prensip *habeas corpus* (fòk yo respekte kò l), sa vle di : yo pa fèt pou kenbe yon moun nan detansyon si l pa vreman nesèsè, yon moun yo akize sanse inosan toutotan yon jijman pa mete aklè li koupab, epi yo pa gen dwa maltrete yon moun ki nan detansyon. Garanti sa yo dwe pèmèt li patisipe kòm sadwa nan dewoulman ankèt la k ap konswi nan yon jijman kòrèk.
 - b. Viktim nan, ki gen mo pa l sou jan lajistis ap travay, paegzanp lè y ap pran sèten desizyon.
 - c. Temwen yo, ki dwe jwenn pwoteksyon kòm sadwa pou yo kapab patisipe.

6. Pou fini, genyen kesyon sanksyon kont anketè yo ki vyola dwa moun. Kontwòl sa a, men kilès ki pou fè l :
 - a. Leta, atravè pakè yo ak divès enspeksyon yo ki genyen (tankou espeksyon jeneral lapolis).
 - b. Genyen OPC.
 - c. Gen Lakou siperye dekont (kòm rekou pou polisye yo).
 - d. Genyen tou (nan sosyete sivil la) divès òganizasyon dwa moun.

Nou kapab jwenn divès pwopozisyon sa yo an detay nan yon ti dokiman restitasyon Fowòm nan fenk pibliye. Nou kontan remèt bay laprès ti dokiman sila a, k ap sèvi pou kontinye fè deba atravè tout peyi a.

Ekip tèknik la ki travay ak Komite kòdinasyon an ap kontinye etidye tout konsekans jiridik divès pwopozisyon sa yo genyen.

Nou deja pare pou antre nan deba sou dekrè yo Ministè prepare e ki gen awè ak refòm jidisyè a. Egzanp nou te egzaminen pwojè yon dekrè sou Lekòl pou fòmè Majistra yo (EMA). Nou te fè sa apati preyoqipasyon sitwayen yo genyen lè yo pale sou bon kalite (tankou konpetans, bon motivasyon ak moralite) yon majistra oswa nenpòt moun k ap travay nan sistèm jidisyè a dwe genyen.

Dezyèm sijè a, se prezantasyon sit wèb Fowòm nan.

Depi jodi a nou kapab konsilte sit wèb Foròm sitwayen an.

<www.forumcitoyen.org.ht>

Sit sila a se sit Fowòm nan, epitou se sit pou 3 òganizasyon ki fòmè Komite Kòdinatè a : HSI, CEDH ak Komisyon Jistis ak Lape a.

Objektif sit la se:

- Fè Fowòm nan vin pi vizib;
- Pèmèt plis echanj fèt sou lajistis ak sou refòm jistis la; genyen tou yon espas deba ak echanj anndan l. Nou dakò resevwa tout lide ki gen awè ak refòm jistis la tankou yon eleman nan deba a ak nan rechèch k ap fèt la.
- Ede tout moun k ap fè rechèch. N ap pibliye anpil tèks lwa. Men tou: yon wèbotèk ap pèmèt antre an kontak dirèk ak lòt kote ki gen rapò ak dwa ak refòm lajistis;
- Fè pwomosyon lang kreyòl la nan domèn lajistis.

Sit wèb sila a vle premye sit la nan peyi d Ayiti k ap bay aksè ak tout kalite dokiman sou lalwa ak lajistis. Nou swete - e nou vle travay - tou pou sit la tounen yon zouti toutbon pou tout moun k ap travay sou kesyon refòm jistis la nan peyi a, ak pou tout moun ka p chèche jistis. Konsa, anpil tèks lwa (ak dekrè) ap jwenn plas yo nan la, ansanm ak anpil konsèy pratik ki esplike ki jan yon moun kapab jwenn aksè a tèl ou tèl sèvis jidisyè.

Ann gade website Fowòm nan : ki sa n ap jwenn ladan l :

- Yon prezantasyon jeneral sa Fowòm nan ye.
- Yon prezantasyon sou tout aktivite Fowòm nan te òganize depi kreyasyon l.
- Tout piblikasyon ak tout dokiman l yo.

Oganizasyon yo ki manm komite kòdinasyon an genyen yon espas anndan sit la. W ap jwenn piblikasyon yo ak pozisyon yo anndan sit la :

Egzanp : divès pozisyon CEDH pran nan konjonkti a ; rapò Jistis ak Lapè ap fè yo sou vyolans nan zòn metwopoliten an ; divès etid ak piblikasyon HSI.

Sit la fèt an fransè ni an kreyòl. Nou kwè li enpòtan pou divès tèks yo fèt nan lang kreyòl la tou. Nou kwè yo dwe panse reyalite jiridik yo an kreyòl. Se li ki lang pi fò moun nan peyi a pale e konprann. Si n vle travay pou jistis la vin pre moun yo, li enpòtan pou yo bay jistis nan yon lang ak nan yon langaj viktim nan ak moun yo akize a, ak tout aktè yo metrize fasil epi konprann.

Mesye Célande PIERRE disponib pou montre ki jan sit la fèt, epi ki sa nou jwenn ladan l.